



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 3.75 MILYON DOLA POU SIPÒTE SÈVIS
SANSIBILIZASYON AK ANGAJMAN YO POU ADIKSYON**

***Ekspansyon sèvis sansibilizasyon pou sanzabri yo ki vize atenn popilasyon
vilnerab ak defavorize yo***

Inisyativ ki pi resan ki itilize Fon Règleman Opyoyid Eta New York la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse gen jiska 3.75 milyon dola ki diponib pou elaji sèvis sansibilizasyon ak angajman ki fèt pou konekte popilasyon vilnerab yo avèk sipò pou adiksyon ak lòt sèvis sante. Administre pa Biwo pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta a, inisyativ la se dènye ki resevwa Fon Règleman Opyoyid Eta New York la epi ki fèt espesyalman pou atenn moun ki nan popilasyon ki gen gwo bezwen yo ki ka pa gen aksè nan swen lòt fason.

"Nou adopte yon apwòch global pou fè fas a kriz opyoyid la atravè Eta New York, sa gen ladan nan zòn defavorize yo ki manke sèvis ak sipò pou adiksyon", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sèvis sansibilizasyon pou sanzabri yo jwenn finansman atravè sibvansyon sa yo ki pral ede popilasyon majinalize yo jwenn aksè nan swen ki sove lavi yo bezwen pou yo brize sik adiksyon visye a".

Finansman an pral bay jiska 12 sibvansyon 250,000 dola pou kouvri depans operasyon yo pou sèvis sansibilizasyon pou sanzabri yo. Finansman an pral bay tou 10 sibvansyon 75,000 dola pou founisè yo deyò rejyon senk konte New York pou achte veyikil pou itilize pou angaje popilasyon ki difisil pou atenn yo.

Ekip sansibilizasyon yo vizite zòn kote popilasyon ki gen gwo risk yo gen tandans rasanble — kote tankou pak ak kan pou moun k ap fè fas ak sitiasyon sanzabri yo — pou ofri prevansyon ak edikasyon sou dòz ekseksif, distribisyon naloksòn ak pwovizyon debaz. Pandan vizit sa yo, pwofesyonèl sansibilizasyon yo eseye idantifye tou lòt opòtinite angajman ki ka ede moun sa yo redui danje ki lye ak toksikomani.

OASAS kounye a finanse 20 founisè ki ofri sèvis sa yo nan New York, Konte Bronx, Richmond, Erie, Monroe, Sullivan, Tompkins ak Albany. Objektif opòtinite finansman sa a se pou etabli yon founisè nan Konte Kings ak Konte Queens, avèk 10 lòt pou sèvi zòn deyò Vil New York yo.

Founisè ke OASAS sètifye yo ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a, lopital yo, pwogram sèvis pou moun ki itilize sereng yo, ak sant sante pou moun ki itilize dwòg ak sant sante ki kalifye nan nivo federal yo elijib pou [aplike pou finansman an](#).

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "N ap kontinye travay pou fè fas a obstak yo ki anpeche kèk moun jwenn aksè nan sèvis ki sove lavi ak rankontre yo nenpòt kote yo ye pou konekte yo a èd yo bezwen an. Sèvis sa yo te fè prèv yo nan tan pase epi ekspansyon yo nan plis kote nan eta sa a pral pèmèt plis moun jwenn aksè nan èd ak sipò esansyèl yo bezwen".

Ann Sullivan, Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Atenn ak angaje moun ki nan popilasyon ki gen gwo bezwen yo ki p ap resevwa swen pou pwoblèm toksikomani yo se yon bagay ki enpòtan anpil. Opòtinite finansman sa yo ke OASAS prezante pral ogmante efò angajman yo, sove lavi ak ede moun yo retabli anba adiksyon. Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen nan OASAS pou angajman yo pou elaji efò sansibilizasyon yo ak aksè nan tretman".

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, James McDonald, te deklare, "Pou konbat epidemi dòn eksesif la, eta nou an te egzekte yon estrateji agresif, plizyè apwòch anba direksyon Gouvènè Hochul. Finansman sa a vize ogmante aksè nan sèvis tradisyonèl yo tankou sèvis kriz, pwogram pou pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, tretman mobil ak sèvis transpò".

Eta New York pral resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman avèk fabrikasyon opyoyid yo ak konpayi famasetik yo ke Pwokirè Jeneral Letitia James te garanti. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo pral dirèkteman nan minisipalite yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid aktyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiyen lajan règleman an pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo nan 1 novanm, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon ak tretman domaj kòm pi gwo priyorite yo.

New York kontinye lite ak lanmò ki gen rapò ak opyoyid, avèk fentanil kounye a ki enplike nan pifò lanmò dòn eksesif nan tout eta a. Dènye done Depatman Sante Eta a sou lanmò ki gen rapò ak opyoyid yo disponib [isit la](#).

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòn eksesif la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont adiksyon avèk sèvis konplè nan prevansyon, tretman rediksyon domaj ak retablisman. Eta a te travay pou

agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entèn, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, paviyon pou jèn yo, sèvis agrandi ant konpayon yo, ak sant aksè lib pou bay evalyasyon ak referans imedya pou swen an 2016. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou eta a epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè ak swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entèn yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan FindAddictionTreatment.ny.gov oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](http://sitwèb.OASAS.NYS.la). Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418